22 novann

Men, kounyeya, Bondye mete nou nan kondisyon pou nou sèvi I. Gremesi Jezi Kris, Senyè a, li mete nou apa pou li, li fè nou gras pa pouvwa Lespri Bondye nou an.

1 Korentyen 6. 11

Si yon moun kenbe kò l pou li pa fè sa ki mal, y a fè l fè yon travay espesyal. Paske, lè sa a l ap mete tèt li apa pou Mèt li, la itil Mèt li, l ap pare pou li fè nenpòt bagay ki byen. 2 Timote 2. 21

Kretyen an gen senk karaktè

Nan chapit 14 nan levanjil dapre Jan, Senyè Jezi te anonse disip li yo Li pral ale kite yo. Paske Li te fin fè travay Bondye te voye L fè a (Jan 17. 4), Li pral moute kote Papa li. Donk, disip li yo pral rete poukont yo nan mitan yon monn kòm etranje, pliske yo pa moun nan monn sa a.

Konsa, Senyè a te ba yo plizyè imaj ki karakterize relasyon yo avèk li. Menmjan ak disip yo, nou menm kretyen, nou se :

- 1. Branch nan pye rezen an (Jan 15. 5). Nou pa gen lavi nan nou si nou detache nan pye rezen an, nou pa gen okenn valè (Ezekyèl 15. 1-5), men lè nou rete kole nan pye rezen an (Kris), nou resevwa lavi Bondye nan nou (sèv) e nou va donnen anpil.
- 2. Zanmi Kris (Jan 15. 14), menmjan Bondye te fè Abraram (zanmi li) konnen sa li tapral fè nan sekrè. Oubyen, tankou Jan kite kouche sou vant Jezi pandan Mèt la t ap pataje kèk enfòmasyon sekrè avèk li (Jan 13. 25). Konsa, nou rive pataje avèk Kris yon kominyon byennerez.
- 3. Disip Kris "chwazi, retire nan monn nan" (Jan 15. 19), pa Senyè a, li menm, se yon etranje ki sot nan syèl.
- 4. Esklav (Jan 15. 20). Se pa Mèt ki imilye disip yo, ki rele yo esklav, okontrè li rele yo zanmi li (Jan 15. 5). Men, se esklav vonlontè ki vle sèvi mèt la ak devouman pou fè sa li vle, sa k ap fè Mèt la plezi. Apòt Pòl renmen bay tèt li tit sa a : "sèvitè Jezi Kris oubyen esklav Jezi Kris" (Women 1. 1).
- 5. Temwen Jezi Kris (Jan 15. 27) ki anonse Bòn nouvèl sali a e k ap viv menmjan Kris t ap viv la, donk fason y ap viv sanble tèt koupe ak fason Mèt la t ap viv, lè Li te sou latè.

Se privilèj sa yo nou genyen. Yo depann de jan nou asime responsablite nou kòm kretyen.

22 novembre

Vous avez été lavés,... vous avez été sanctifiés, ... vous avez été justifiés au nom du Seigneur Jésus, et par l'Esprit de notre Dieu. 1 Corinthiens 6. 11

Un vase à honneur, sanctifié, utile au maître, préparé pour toute bonne œuvre. 2 Timothée 2. 21

Cinq caractères du chrétien

Au chapitre 14 de l'évangile selon Jean, le Seigneur Jésus annonce à ses disciples qu'il va les quitter. Ayant achevé l'œuvre que le Père lui avait donnée à faire (Jean 17. 4), il va monter vers son Père. Les disciples seront donc laissés au milieu d'un monde dont ils ne font pas partie.

Le Seigneur leur donne plusieurs images de leur relation avec lui. Comme eux, nous, chrétiens, nous sommes :

- 1. des sarments (Jean 15. 5). Sans valeur en nous-mêmes (Ézéchiel 15. 1-5), mais attachés au cep (Christ), nous recevons la vie divine (la sève) et nous portons du fruit pour Dieu.
- 2. ses amis (Jean 15. 14), comme Abraham, mis au courant des pensées secrètes de Dieu. Ou comme Jean qui, penché sur la poitrine de Jésus, recevait ses communications intimes (Jean 13. 25). Ainsi nous partageons avec lui une communion heureuse.
- 3. ses disciples "choisis", tirés "hors du monde" (Jean 15. 19) par le Seigneur, lui, le céleste étranger.
- 4. des esclaves (Jean 15. 20), non par l'exigence de leur Maître qui les appelle "amis" (Jean 15. 5) mais des esclaves de plein gré, marqués par le désir de faire toujours ce qui plaît à leur Maître. L'apôtre Paul aimait revendiquer ce titre : "esclave de Jésus Christ" (Romains 1. 1).
- 5. des témoins (Jean 15. 27) qui présentent la bonne nouvelle du salut et reflètent dans leur vie les gloires morales de Christ.

Tels sont nos privilèges. Notre responsabilité en découle.